



Pou Piblikasyon Imedya: 12/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**NAN KA KE OU TE RATE LI: ATIK OPINYON GOUVÈNÈ HOCHUL NAN USA
TODAY NETWORK: BÒN FÈT MANMAN - SE KONSA N AP SIPÒTE MANMAN NEW
YORK YO**

Jodi a, USA Today Network te pibliye yon atik opinyon Gouvènè Kathy Hochul pou selebre Fèt Manman an epi mete aksan sou etap enpòtan New York te pran pou sipòte manman yo atravè Eta a. Tèks editoryal sa a disponib anba a, epi ou kapab jwenn li sou entènèt [isit la](#).

Nan kad Fèt Manman sa a, Nouyòkè yo pral reyini ak pwòch yo epi yo pral rekonèt manman ki nan lavi nou yo — ki gen ladan bèlfi mwen an, ki te vin manman pou premye fwa sa gen sèlman yon ane.

Men, nou pa ka jis achte kado ak boukè nan yon sèl jou chak me. Manman yo merite sipò nou chak jou nan ane a.

Se poutèt sa nan dènye bidjè mwen an, mwen te dekri yon vizyon odasye pou non sèlman fè New York vin pi abòdab ak pi vivab, men tou pou bay yon kout men dirèkteman pou manman nou to ki bezwen plis è pase anvan.

Sipòte manman ak gadri New York yo

Premyèman, nou te adrese yon gwo fado pri pou nouvo manman yo — gadri. Sa a pèsoneèl paske antanke premye manman ak grann ki dirije New York, mwen konprann enkyetid ak angwas jèn fanmi yo.

Lè m te vin manman, pa te gen okenn opsyon gadri abòdab ki disponib pou mwen, epi mwen te oblije kite yon travay mwen te renmen nan Capitol Hill pou m te leve pitit mwen yo. Plizyè milye paran New York — manman yo an patikilye — fè menm sakrifis sa a chak ane.

Antanke gouvènè, mwen fyè dèske nou te elaji opsyon gadri yo epi redwi depans pou fanmi yo. Nou elaji elijibilite pou gadri pou 113,000 lòt fanmi lè nou ogmante limit revni an nan nivo maksimòm lwa federal la pèmèt. Anplis de sa, nou te elaji Kredi Taks pou

Timoun lan pou enkli timoun ki poko gen kat ane yo, ki pral benefisye plis pase 525,000 fanmi ak prèske 630,000 timoun.

Pou diminye depans yo, nou diminye kantite lajan paran yo peye pou gadri lè nou asire fanmi k ap resevwa asistans yo pa kontribiye plis pase yon pousan nan revni anyèl yo ankò. Anplis de sa, n ap lanse yon pwogram pilòt Swen Gadri ki patwone pa anplwayè.

Ansanm, pwogram sa yo pral leve yon fado finansye sou zepòl manman k ap travay yo pou yo ka konsantre sou lòt depans enpòtan tankou daypè ak lèt.

N ap travay pou timoun New York yo

Pandan timoun yo ap grandi, mwen konnen chak paran ap envesti totalman nan asire pitit yo resevwa yon edikasyon klas mondya. Pou ranfòse lekòl yo epi kenbe timoun nou yo sou kous yo, nou te fè pi gwo investisman pou lekòl yo nan istwa eta nou an.

N ap franchi etap enpòtan pou asire chak timoun nan New York jwenn bon jan kalite edikasyon yo merite nan yon sistèm ki priyorize opòtinite egal.

Epi pou timoun nou yo gen siksè nan lekòl yo, yo bezwen manje nourisan pou yo pwospere. Bidjè nou an bay 134 milyon dola pou lekòl k ap sèvi popilasyon ki gen revni fèb yo pou elèv yo ka manje dejene ak dine gratis, kèlkeswa revni fanmi an. Men, gen plis bagay nou ka fè pou atake kriz abòdabilite a tèt pou tèt.

N ap fè pwogrè nan salè yo

Gwo enflasyon andomaje Nouyòkè ki pi vilnerab yo nan pòch yo, espesyalman fanm ak moun koulè yo. Gen prèske 900,000 travayè salè minimòm nan New York. Anpil ladan yo se manman selibatè.

Pandan ke salè yo te rete relativman konstan, pri an mwayèn chak mwa pou machandiz ak enèji pou kay ki gen revni fèb te ogmante nan plis pase trèz pousan nan de dènye ane yo.

Solisyon an senp: si depans yo monte, salè yo dwe monte tou.

Apati 2024, n ap ogmante salè minimòm eta nou an a 16 dola nan Vil New York, Long Island, ak Westchester ak 15 dola lòt kote. Sa a pral ogmante pa senkant santim nan alafwa ane 2025 ak 2026. Epi apati 2027, salè minimòm eta nou an pral endekse sou enflasyon an — sa k ap garanti ke si depans yo ogmante, travayè yo pa rete dèyè. Plan sa a se yon liy vital k ap pwoteje kont eksplwatasyon travay epi ki bay yon mezi sekirite enpòtan pou fanmi yo.

Nan kad Fèt Manman sa a, New York ap pran mezi solid pou rann eta nou an pi abòdab ak pi vivab pou fanmi yo. Pandan ke gen plis travay toujou ki pou fèt, manman nou yo pa merite anyen anmwens.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)